# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–22 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कै अध्यक्षता में प्रयागराज महाकुंभनगर क त्रिवेणी संकुल में प्रदेस सरकार क आजु खास कैबिनेट बइठकी भइल। येह मौका पर जन कल्याण आ प्रदेस के तरक्की बदे कई गो अहम फैइसिला लिहल गइल। बैइठकी के बादे मीडिया से बतियावत प्रदेस कै मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलन कि बैइठकी के दौरान सरकार की ओरि से पब्लिक–प्राइवेट पाटनरसिप मॉडल के तहत हाथरस, बागपत अउर कासगंज में मेडिकल कालेज के निरमाण के मंजूरी दिहल गइल हौ।

उहां के कहलीं कि प्रयागराज, वाराणसी आ आगरा नगर निगमन खातिर नगर निगम बांड जारी कइलहू क फैइसिल लिहल गइल हौ। येह बांडन से येह सहर में सहरी बुनियादी ढांचा के बढवले आ सतत विकास तय कइले मे मददि मिली।

***प्रदेश के अंदर एक अभियोजन डायरेक्टरेट की घोषणा की भी व्यवस्था मंत्री परिषद ने उसकी सहमति दी है और प्रयागराज वाराणसी और आगरा यह जो म्युनिसिपल कॉरपोरेशन है हमारे इन तीन महत्वपूर्ण म्युनिसिपल कॉरपोरेशन में तीनों के बॉन्ड जारी होंगे हम अभी तक हम लोगों ने लखनऊ और गाजियाबाद के बॉन्ड जारी किए थे इसके बहुत अच्छे रिजल्ट सामने आए हैं यह म्युनिसिपल कॉरपोरेशन के ब्रांडिंग करने का उसके विकास को आगे बढ़ने का महत्वपूर्ण माध्यम होता है।***

येह मौका पर मुख्यमंत्री प्रयागराज से पड़ोसी जिलन आ अन्य इलाकन ले कनेक्टिविटी बढ़उले से जुड़ल परियोजनन क घोषणों कइलें। एकरे बादे मुख्यमंत्री आ मंत्री परिषद के सदस्य लोगि त्रिवेणी में पवित्र डुबकी लगवले आ पूजा अरचना कइले। संगम नहान के बाद सगरो मंत्री लोगि आरतीयों कइलें। बरिस दुइ हजार ओन्नइस में कुंभ मेलवे के दौरान मुख्यमंत्री अपने मंत्रियन, अखाड़ा परिषद क अध्यक्ष नरेन्द्र गिरि आ अउरियों साधु के साथे संगम में डुबकी लगवले रहले।

**********

सर्वोच्चय न्यायालय मथुरा में श्रीकृष्ण जन्मभूमि साही ईदगाह मस्जिद विवाद मामिला में साही ईदगाह के निरीक्षण बदे इलाहाबाद उच्च न्यायालय के आदेस पर अंतरिम स्थगन क अवधि बढ़ा दिहले हौ। ई निरीक्षण अदालति के ओरि से नियुक्ति कमीश्नर के करे के बा। प्रधान न्यायाधीस संजीव खन्ना के अगुवाई वाली पीठि इलाहाबाद उच्च न्यायालय के आदेस के चुनौती देवे वाली मस्जिद समिति के अपीलि पे ई फैइसला लिहले।

**********

अजोध्या में श्रीराम लला के प्राण प्रतिष्ठा के एक बरिस पूरा होखले पर आजु सरधालुअन क जनसैलाब अपने अराध्य के दरसन बदे उमड़ि पडल हौ। एगो रिपोर्ट–

**अंग्रेजी कैलेण्डर के अनुसार आज श्री राम लला के प्राण प्रतिष्ठा का दिन है, ऐसा मानने वाले आज बड़ी संख्या में अपने आराध्य का दर्शन करने पहुंचे हैं। इनमें अनेक ऐसे भी हैं जो बीती 22 जनवरी को अयोध्या में थे। उसी पल को जीने के लिए वे फिर रामनगरी में हैं। यद्यपि श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र पंचांग की तिथि के अनुसार ग्यारह जनवरी को ही त्रिदिवसीय प्रतिष्ठा द्वादशी का आयोजन कर चुका है, किन्तु अंग्रेजी कैलेण्डर के अनुसार जीवन की सारी गतिविधियों का लेखा–जोखा करने वाले आज उस 22 जनवरी के आध्यात्मिक और धर्म वैभव को पुनः प्राप्त करने अयोध्या में हैं। तन्मय सोनी आकाशवाणी समाचार अयोध्या।**

**********

बेटी बचाओं बेटी पढ़ाओं अभियान के दस बरिस पुरा होखला पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ देस वसियन के बधाई दिहले हवे। सोसल मीडिया प्लेटफारम एक्स पर एगो पोस्ट के जरिया से श्री योगी कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाई में मातृ सक्ति के सपनन आ आकांक्षा के नया उड़ान देत ई पहल विकसित भारत–आत्म निर्भर भारत– सर्व समावेसी भारत के निरमाण क मजबूत आधारसिला हौ। समाज के हर बरग क सक्रिय भागीदारी येह मुहिम के जन आनदोलन में बदल दिहले हौ।

**********

प्रदेस के कइ गो जिलन के लेके कुशीनगर जिला में छब्बीस जनौरी से लागू होखे जा रहल **नो हेलमेट नो फ्यूल** अभियान के तहत आजु ओहवां कलेक्ट्रेट सभागार में बइठकी भइल। बइठकी में आजु से पचीस जनौरी ले हेलमेट नाही लगावे वाले दुइ पहिया वाहन चालकन के चेतावनी के साथे पेट्रोल देहले क निरदेस दिहल गइल। छब्बीस जनौरी से बिना हेलमेट के केहू के पेट्रोल नाही दिहल जाइ। सथही मोटरवाहन अधिनियम के तहत दण्डानात्मक कार्रवाइयों कइल जाई।

**********

पूरबी उत्तर प्रदेस के अलगि–अलगि जिलन में आजु कुहेसा आ आसमाने में बादर छबले रहल के बजह से जन जीवन परभावित भइल। तापमान में गिरावट के नाते ठंडक से लोगिन के परसानी उठावे के पड़ल। कुहेसा क असर रेलवे, हवाई सेवा आ रोडवेज बसन के सेवा पर भी पड़ल। पूर्वोत्तर रेलवे के कई गो ट्रेन अपने तय समय से देरी से चल रहल हइन। मौसम विज्ञान विभाग आजु अउर बिहनहू पूरबी उत्तर प्रदेस के कई गो जिलन में घना कुहेसा पड़ले क संभावना जतवले हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने आकाशवाणी पर **मन की बात** कार्यक्रम में देस विदेस के लोगिन के साथे आपन विचार साझां करिहें। ई येह मासिक रेडियों कार्यक्रम क एक सौ अट्ठारहवीं कड़ी होई। ई कार्यक्रम आकाशवाणी आ दूरदर्शन के सगरो नेटवर्क, एआईआर न्यूज वेबसाइट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाईल एपवों पर परसारित कइल जाई।

**********